

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Prosés diajar ngajar mangrupa kagiatan penting sabab ngaliwatan prosés diajar siswa diperedih robah pangaweruhna, kaparigelanna, jeung sikepna kana kaayaan anu leuwih hadé. Ieu hal luyu jeung hakékat diajar, saperti anu ditandeskeun ku Syaiful Bahri & Aswan Zain (2002: 11), yén diajar nya éta prosés parobahan perilaku lantaran pangalaman jeung latihan. Hartina tujuan kagiatan nya éta parobahan tingkah laku anu pakait jeung pangaweruh, kaparigelan atawa sikap. Lumangsungna prosés diajar ngajar dipangaruhan ku stratégi pangajaran. Numutkeun Syaiful & Aswan Zain (2002: 5) nétélakeun yén, “*dihubungkan dengan belajar mengajar, strategi bisa diartikan sebagai pola-pola umum kegiatan guru dan anak didik dalam perwujudan kegiatan belajar mengajar untuk mencapai tujuan yang telah digariskan.*”

Ari stratégi pangajaran mangrupa salahiji tina komponén prosés diajar ngajar. Numutkeun Syaiful Bahri & Aswan Zain (2002: 48) komponén-komponén pangajaran téh ngawengku guru jeung murid minangka subjék diajar, tujuan anu hayang kahontal, bahan ajar, métode, téhnik jeung modél diajar, alat jeung sarana, sumber pelajaran sarta évaluasi. Guru kudu ngawasa bahan pangajaran maksudna nya éta guru kudu bisa milih bahan anu luyu jeung tingkat kamampuh siswa sarta bisa nerangkeun éta bahan pangajaran. Guru kudu parigel

milih métode anu luyu jeung kaayaan murid sarta sapagodos jeung tujuan sangkan pangajaran bisa lumangsung éfektif tur éfisién.

Guru kudu wanoh kana tujuan anu rék dihontal, maksudna nya éta sangkan dina prakna prosés diajar-ngajar guru mibanda tatapakan nu panceg.

Dina KTSP (Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan), pangajaran basa Sunda di SMP téh ngawengku opat kaparigelan basa nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Ihwal opat kaparigelan basa téa dina pangajaran basa di sakola kudu diajarkeun kalayan saimbang. Kalungguhan maca geus tétela mangrupa bagian tina opat kamahéran basa. Hubungan antar opat kamahéran basa téh kacida raketna. Upamana baé, maca anu mangrupa kamahéran basa produktif téh jadi resiprokal lamun dipatalikeun jeung kamahéran nyarita. Dina hal ieu mah nu nyarita jeung nu diajak nyarita téh bisa baganti peran. Nya kitu deui hubungan nyarita jeung nulis sarta maca dina pembelajaran basa silih lengkepan pikeun ngahontal tujuan pangajaran.

Sajak téh lain barang anyar di kalangan karya sastra Sunda. Nerekabna karya sajak, babakuna ti taun 1947 kahudang ku panéka Angkatan 1945 di kalangan para sastrawan Indonésia. Ti dieu panginditan pangarang Sunda mimiti rampak. Salah upama aya nu nyangka yén sajak mangrupa kabinangkitan anyar, sabab ti jaman Galuh tug nepi ka jaman Pajajaran, bras ka jaman kumpeni tug nepi ka kiwari sajak téh aya tur tetep langgeng (Salmun, 1963: 70).

Sajak mangrupa salah sahiji wangun sastra nu kudu diajarkeun di sakola. Pangajaran sajak aya rengkolna dina KTSP (Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan) widang studi basa Sunda pikeun SMP hususna SMP kelas VIII,

kalungguhan pangajaran sajak aya dina aspék kaparigelan maca nya éta dina kompeténsi *Membacakan Puisi*, anu dina hal ieu mangrupa sajak. Salah sahiji aspék nu bisa dipeunteun dina pangajaran sajak ieu nya éta dina aspék ngaprésiasi sajak. Para siswa bisa ngaprésiasi sajak éta ku cara macakeun deui sajakna, musikalisisi atawa nyieun parafrase tina sajak anu dibacana.

Neuleuman karya sajak mémang leuwih hésé tibatan karya sastra dina wangun prosa. Can karasa ni'matna, moal katimu maksudna, jeung moal kapanggih nu disumputkeunana mun téa mah macana ngan saliwanan. Pikeun ngarti kana unsur-unsur nu aya dina sajak perlu kadariaan, antara pikiran jeung rasa ngahiji dina neuleuman waruga sajak. Nu jadi sabab pangna ngaprésiasi sajak leuwih hésé tibatan wangun prosa, lantaran dina sajak mah kekecapanana pinilih jeung ngandung perlambang-perlambang nu teu bisa dihartikeun sarangkep. Kekecapan nu aya dina sajak ngabogaan maksud anu nyamuni, anu tangtuna ogé kudu dikoréh heula maksudna ngaliwatan pangaweruh nu dipilik ku nu maca.

Squer jeung Taba dina Aminuddin (2004: 34), nétélakeun yén aprésiasi téh mangrupa prosés anu ngalibetkeun tilu unsur nya éta a) aspék kognitif, b) aspék émotif, jeung c) aspék évaluatif. Aspék kognitif patali jeung intelektual atawa pangaweruh maca dina kagiatan nu aya pakuat-kaitna antara unsur kasusastraan anu sипатна objéktif. Aspék émotif patali jeung unsur émotif nu maca dina usaha ngajiwaan unsur-unsur kaéndahan dina téks-téks sastra nu dibacana. Aspék évaluatif patali jeung méré ajén alus goréng, éndah teu éndah, luyu teu luyu kana karya sastra anu dibacana sarta sajumlahing kritéria séjén anu kudu aya dina kritik sastra.

Pamadegan di luhur taya bédana jeung nu ditétélakeun ku Effendi dina Aminuddin (2004: 35), yén aprésiasi sastra téh nya éta “*Kegiatan menggauli karya sastra secara sungguh-sungguh sehingga menumbuhkan pengertian, penghargaan, kepekaan pikiran kritis dan kepekaan perasaan yang baik terhadap karya sastra*”.

Pangajaran aprésiasi sajak di SMP kawilang penting pikeun diajarkeun, nya éta pikeun ngamekarkeun poténsi-poténsi dina neuleuman jeung méré ajén kana karya sastra. Salian ti éta, kamampuh dina ngaprésiasi karya sajak mangrupa pangrojong pikeun ngamekarkeun daya mikir kritis siswa. Ku sabab kitu, dina ngajarkeun aprésiasi sajak perlu kadariaan nu husus ti guru sangkan tujuan bisa kahontal.

Dumasar kana tiori di luhur yén neuleuman sajak leuwih hésé tibatan neuleuman karya sastra dina wangun prosa, ku kituna perlu aya hiji panalungtikan pikeun nalungtik hiji modél pangajaran anu bisa ningkatkeun kamampuh ngaprésiasi sajak. Salasahiji modél pangajaran basa nya éta modél *Cooperative Script*. Modél ieu bisa dipaké pikeun pangajaran maca tur nyarita. Modél *Cooperative Script* méré kalaluasaan ka murid ngébréhkeun rupa-rupa gagasan atawa ide anu kapanggih dina téks ku cara lisan atawa tulisan, ieu hal luyu jeung pangajaran ngaprésiasi sajak.

Masalah ngeunaan ngaprésiasi sajak geus kungsi aya nu nalungtik nya éta ku Dahi Juwandi dina skripsina nu judulna **“Korélasি Pangaweruh jeung Kamampuh Ngaprésiasi Sajak di SMP Miftahul Iman Bandung”**, dina taun 1993, nurutkeun panyusun panalungtikan ngeunaan modél pangajaran dina

ngajarkeun aprésiasi sajak pikeun siswa SMP can kungsi aya. Ku sabab éta, panyusun nalungtik ngeunaan “*Modél Cooperative Script dina Ngajarkeun Aprésiasi Sajak (Studi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajaran 2007/2008)*”

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Watesan masalah dina panalungtikan diperlukeun pikeun nangtukeun arah panalungtikan sarta leuwih museur kana tujuan. Sangkan teu lega teuing ambahanana, masalah dina ieu panalungtikan baris diwatesanan. Ieu hal sangkan nyoko kana panalungtikan anu baris dilaksanakeun. Ku kituna, nu nyusun ngawatesanan lingkup panalungtikan ieu kana kagiatan ngaprésiasi sajak para siswa Kelas VIII SMP Negeri 1 Bandung dina pangajaran maca anu ngagunakeun modél pangajaran *Cooperative Script*.

1.2.2 Rumusan Masalah

Rumusan masalah dina ieu panalungtikan diantarana nya éta ieu di handap

- 1) Naha modél pangajaran *Cooperative Script* éfektif pikeun pangajaran ngaprésiasi sajak?
- 2) Kumaha kamampuh ngaprésiasi sajak siswa kelas VIII SMP Negeri 1 Bandung ngagunakeun modél pangajaran *Cooperative Script*?

- 3) Naha aya bédana nu signifikan antara hasil pangajaran ngaprésiasi sajak antara kelompok anu ngagunakeun modél pangajaran *Cooperative Script* jeung anu henteu?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan anu baris dihontal dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsiéun :

- 1) Éfektivitas modél pangajaran *Cooperative Script* kana pangajaran aprésiasi sajak.
- 2) Kamampuh ngaprésiasi sajak siswa kelas VIII SMP Negeri 1 Bandung ngagunakeun modél pangajaran *Cooperative Script*,
- 3) Béda nu signifikan antara hasil pangajaran ngaprésiasi sajak antara kelompok anu ngagunakeun modél pangajaran *Cooperative Script* jeung anu henteu.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Panalungtikan ieu dipiharep bisa méré mangpaat, diantarana:

- 1) Mangpaat Téoritis

Sacara téoritis ieu panalungtikan bisa méré sumbangan pikeun ngeuyeuban rupa-rupa modél pangajaran basa sunda hususna pangajaran ngaprésiasi sajak.

- 2) Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan bisa méré mangpaat pikeun ningkatkeun mutu pangajaran, bisa méré sumbangan pikeun ngaronjatkeun mutu jeung

éfektipitas pangajaran Basa jeung Sastra Sunda. Salian ti éta ieu panalungtikan ogé bisa méré mangpaat pikeun

- (1) Guru, bisa dijadikeun alternatif dina modél pangajaran di kelas sangkan bisa ngaronjatkeun mutu pangajaran.
- (2) Siswa, bisa nyangking pangalaman jeung ngalatihi kamampuh ngaprésiasi sajak ngagunakeun modél *Cooperative Script*.
- (3) Sakola, bisa méré sumbangan dina usaha pikeun ngaronjatkeun mutu pangajaran di sakola.
- (4) Panulis, bisa ngaronjatkeun kualitas kaélmuan jeung ngimpléméntasikeun modél *Cooperative Script* dina pangajaran ngaprésiasi sajak.
- (5) Lembaga, bisa dijadikeun bahan alternatif dina pangajaran Basa jeung Sastra Sunda.

1.5 Wangenan Operasional

Istilah-istilah nu kudu dipedarkeun dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Modél *Cooperative Script* téh salahiji modél pangajaran basa anu léngkah-léngkah gawéna:
 - (1) guru ngalompokkeun siswa sacara pasangan;
 - (2) guru ngabagikeun téks matéri pembelajaran ka tiap siswa pikeun dibaca jeung diringkes;
 - (3) guru nangtukeun siswa kahiji salaku panyatur sarta siswa kadua salaku pangregep;

(4) siswa salaku panyatur macakeun ringkesan téks ku cara ngedalkeun ide-ide poko tina ringkesan, sedengkeun pangregep:

- ngaregepkeun/ngoréksi/nunjukkeun ide-ide poko anu kudu dikedalkeun; jeung
- mantuan ngingetkeun ide-ide poko ku cara ngahubungkeun jeung matéri saacanna atawa jeung matéri anu aya hubunganana.

(5) siswa salaku panyatur robah tugas jadi pangregep;

(6) guru nyieun kacindekan babarengan jeung siswa saméméh mungkas pangajaran.

- 2) Kamampuh ngaprésiasi nya éta kamampuh méré ajén-ajén anu nyangkaruk dina warnaning seni jeung budaya.

1.6 Anggapan Dasar

Arikunto dina bukuna *Prosedur Penelitian Suatu pendekatan Praktik*, nendeskeun yén anggapan dasar nya éta hal nu bebeneranana geus katarima ku panalungtik nu perlu dibuktikeun kalawan jéntré. Ku kituna, anggapan dasar mangrupa tatapakan mikir nu gunana pikeun dasar panalungtikan salaku cecekelan utama. Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta ieu di handap

- 1) Pangajaran aprésiasi sajak aya dina KTSP dina salah sahiji aspék kaparigelan basa nya éta maca dina kompetensi dasar “*Membacakan Puisi*” pikeun siswa SMP.
- 2) Dina aprésiasi bahan pangajaran sajak dibahas tiori jeung cara ngaprésiasina.

- 3) Modél pangajaran *Cooperative Script* bisa diterapkeun dina pangajaran ngaprésiasi sajak.

1.7 Hipotésis

Hipotésis ieu panalungtikan nya éta “aya béda nu signifikan antara hasil pangajaran ngaprésiasi sajak antara kelompok anu ngagunakeun modél pangajaran *Cooperative Script* jeung anu henteu sarta modél pangajaran *Cooperative Script* leuwih éfektif dina ngajarkeun aprésiasi sajak.”